


ZUVA RAAMAI

 ...tabhenakeri, ndiwo munamoto wangu. Ndinofara zvirokwazvo mangwanani ano, kuona kusimukira kwepamweya kwetabhenakeri ino, uye zvokuti, chikwangwari chiri kunze uko, vari kugadzirira zvino kuvaka chechi itsva. Ndinofunga kuti inodiwa. Uye kuona zvinotevera...kana Ishe Jesu vakanonoka, shure kwekunge taenda, vanozova... vana vedu vanozofanira kuva nenzvimbo yekuenda kuchechi. Uye tinoda “kurwira nemoyo wose Kutenda kwakambopihwa kuvatsvene.” Ndinofunga kuti chinhu chakanaka.

² Uye pandanga ndiri kungopinda muno, nguva shoma yapfuura, kuti ndiwedzere pamwe nezvapupu zvakawanda izvo zvapihwa nechekare zviri maererano nekupodzwa, kwemumisangano mishoma yekupedzisira, patabhenakeri pano. Zvinongoramba zvichiwedzerwa, zvekupodzwa, kupodzwa kukuru kweminana.

³ Ndanga ndasiya mudzimai wangu panze, iye zvino uno, uye nevana vari pamu—mukova; uye pakanga paine hanzvadzi, yakagara pano zvino, yakangobatikana nemufaro kusvikira yakanga yava kuchema, nekuda kwechishamiso chikuru chakanga chaitika pamuzukurukomana wavo, zasi-zasi uko, ndinofunga, muChattanooga. Mai Nash, pano, muzukurukomana wenyu mudiki akatambudzwa nedambudziko, zvino musangano wekupedzisira pano, Ishe Jesu, ndinofunga, vakaritaura, uye ndokuti, “ZVANZI NAJEHOVHA, iroro, raenda. Uye iye ari kuzoita zvakanaka.” Uye mukomana mudiki ava kunzwa zvakanaka zvakanakwana kwazvo uye ave mutano, zvakanonaka sezvaanokwanisa kuva.

Uye izvozvo—izvozvo zvinofadza, ukanzwa zvapupu izvozvo.

⁴ Uye zvadaro mumwe muchinda wechidiki, uyo ari pano zvekare, akakumbira munamoto kuitira Mai Stotts, avo vachangobva kunovhiiwa. Uye chishuwo chavo; munoona, kana pasina munhu anoda kuti tivanamatire, handiti zvavo... zvinoratidza, chero bedzi uri kuedza, vanhu vachida kuti iwe uvanamatire, zvadaro ivo, chishuwo, munoona. Dzimwe nguva zvinosvika pazvinoipa kwazvo, kusvikira... kwete kuipa, asi kuwandisa, zvekuti unongofanira kutiza uchienda kune imwe nzvimbo wotosiyana nazvo, uye wohwanda kwechinguva chidiki, kuti urarame. Asi, ndi—ndinofara kuti ivo vanoita izvozvo. Musambofunga kuti handifarire kuvaona, nekuti dai ivo... dai painge pasina aida kuti ini ndimunamatire, ko shumiro yangu yaizova papi? Maona? Maona?

⁵ Asi dzimwe nguva apo paunoti, “Hama Branham, handinzwisise apo vanhu pavanenge vari kudana saizvozvo, zvino—zvino imi moverevedza muchienda kune imwe nzvimbo.” Ndinofanira kuita izvozvo kuitira kuti ndirarame, kuti ndinamatire vanhu. Imi hamungo. . . Haingo—haingori nzvimbo imwe chete, pano. Zviri pasi rese. Munoono? Uye—uye zvakakwasharara chaizvo. Uye ndine chokwadi chekuti munozvinzwisisa izvozvo.

⁶ Oo, zvakanaka kwazvo kuva Mukristu! Ini handingoziwe zvandaizoita dai akanga asiri Kristu, uye nekudaro. . . uye kuva nekuwadzana neMakristu, avo, vanhu veKutenda kumwe chete kwakakosha, avo vanotenda muna Mwari uye vari kuvimba naYe; uye vachitenda kuti nerimwe zuva rinobwinya isu tichange tapedza hondo yese iyi, uye tova nekukunda, uye tomira takadzikinurwa takafanana naYe, kune rimwe divi.

⁷ Uyezve ndinoda kuita chiziviso chingori chipfupi, kuti, mukuuya kwetabhenakeri, nezvimwe zvakadaro, ini. . . tiri kugadzira kuvandudzwa kwenheyo yedu, kunyanya chikamu changu kuitira mbuserere. Zasi kwose zvichienda nemumisangano, kubvira pandakatanga mune izvi, kudivi rekuvhangera, makore akawanda apfuura, pachinzvimbo chekuumba boka rezvemari, kuve nerimwe boka revanhu, ndakangoshandisa boka randakanga ndajairana naroo; uye kubva. . . ndikagadzira boka rezvemari, iro rekuti misangano yangu yese yaizoitwa pasi pezita reBranham Tabhenakeri. Uye iroro raizoshandiswa kuUnion National Bank muNew Albany, seumo mari yaizokwanisa kubhadharwa—kubhadharwa kuburikidza neimomo, kuitira kuti hayaizobatwa mutero. Dai ndisina kudaro, mari yese yainge yaunganidzwa yaizobatwa mutero seyangu, dai ndisina kushandisa Branham Tabhenakeri seboka rezvemari.

⁸ Vazhinji venyu makandinzwa ndichizvizivisa izvozvo, nguva nenguva. Ndinofanira kuzviita, uye ku. . . kuitira kuti ndiite izvozvo. Uye zvaro—zvaro tiri kuumba boka rezvemari itsva zvino. Uye tinozoda vakawanda avo vanoziva kuti ini. . . Vangani vakambandinzwa ndichizvizivisa izvozvo, kuti mibhadharo yese, ndinoshanda kubudikidza neBranham Tabhenakeri? Ingosimudzai maoko enyu, mese. . . Chokwadi, mese zvenyu. Ndivo vose.

⁹ Uye saka kana shumiro yapera, kana muchida, ndine chirevo chidiki apo, kuitira kuti imi, kuti muzochisaina apo pamunenge muchibuda. Hama Roy Roberson vanozove nacho kumashure uko.

¹⁰ Nekuti, tiri kuzoumba rimwe boka rezvemari, chinhu chimwe chete, kungo. . . asi rimwe boka rezvemari, kuitira kuti mari dzedu dzese nezvinhu, dzinenge dzatorwa mumusangano, dzorega kubhadhariswa mutero, ichava. . . inoiswa, senguva

dzose, muUnion National Bank, kuti ishanda kuburikidza nemutabhenakeri, pachinzvimbo chekuva ne—nebok-. . . rimwe boka rezvemari. Nekuti, iri rinotove boka rezvemari nechekare, muzita reBranham Tabhenakeri, munoona. Uye saka pane Branham *pano* uye neBranham *apo*, uye seizvi, uye mapoka ezvemari akasiyana uye izvozvo hazvinyatsoita zvakanaka.

¹¹ Hama Roberson vachaona nezvazvo, imi munoda, apo patinenge tichibuda. Isu tichazvitenda.

¹² Zvino, mangwanani ano, tisati tapinda mushumiro, ndinoda kutaura kuti, Ishe vachitendera, kuti ndichaedza kudzoka zvekare manheru ano. Ndinovenga kutora misangano yose miviri kubva kune Hama Neville, asi ivo nemwoyo wekupa vandikumbira kuti nditaure zvekare manheru ano. Uye kana Ishe vachida, ndinoda kutaura manheru ano pamusoro pechidzidzo chekuvhangera chekuti, chinonzi: *Uyu Ndiyaniko? Maona? Uyu Ndiyaniko?*

¹³ Uye saka mangwanani ano, ndinoda. . . ndanga ndichifunga nezve—nezvekutaura mangwanani ano nezvechidzidzo cheZuva raAmai. Uye ndinoziva kuti masikati ano nemangwanani zvese zvanga zvakazadzwa nezvirongwa zveZuva raAmai. Saka ndafunga kuti ndaizoita sekubatanidza chimwe chinhu, nekuti tinoda kunamatira vanorwara pakarepo mushure mekunge shumiro ino yapera, uye semazuva ese.

¹⁴ Tinotenda kuti Mwari mupodzi, uye Anopodza vanorwara nevanotambudzwa. Uye ndinoziva kuti Anozviita izvozvo. Uye zvinopfuura kupokana kupi—kupi zvako, izvozvo, nekuti kune zvapupu zvakanawandisa zvakaunganidzwa, izvo zvekuti tinozviziva izvozvo.

¹⁵ Nezuro ndakange ndichitarisa mutsaga iro Hama Gene naLeo ravakange vangochengeta, rezvapupu izvo zvavakatora. Uye raive tsaga guru rakazara rezvekupodzwa kunoshamisa, kweminana uko kwakaitirwa vanhu naShe.

¹⁶ Uye ndakafunga, kana izvozvo zvakadaro, ko dai takachengeta nhoroono yezvese izvo zvakange zvaitika? Ndinofungidzira, muPuerto Rico nemuJamaica, chete, zvaizovvika zviuru gumi, kana kudarika, zvapupu zvinoshamisa, zvekupodzwa kwaShe, uko kwaVakaita.

Zvino tisati tazarura Bhuku, ngatitaurei neMunyorori.

¹⁷ Ishe, tine kutenda zvikuru kwaMuri, kuti apo, patinokotamisa misoro yedu, tinongondandama mukuve nemashoko ekuti titaure; nekuti ini handitende kuti zvinogara mumiro yemunhu kuratidza manzwi emwoyo wemurume kana mudzimai, mukomana kana musikana, uyo ati ambova mukusangana neMi. Kuti tiratidze kuyemura kwedu, kuti tinoKuyemurai sei, uye izvo zvaMunoreva kwatiri. Zvakatipatsanura kubva kune chivi, uye zvakatipatsanura kubva kune nyika. Uye zvinotipa chimwe chinhu chiri chemuna

Ziendanakuenda uye chakaropafadzwa. Uye hatina kukwanisa kuwana mashoko akafanira.

¹⁸ Sekutaurwa kwazvakamboitwa nemumwe murume muremekedzwa, mavhiki mashoma apfuura, kuti aikwanisa kutaura zvakatsetseka mumitauro ingangoda kuita mipfumbamwe yakasiyana, aine chinzvimbo chake nemupi wemazano kuMutungamiriri wedu wenyika akanaka, Dwight Eisenhower. Uye kunyangwe achikwanisa kutaura mitauro mipfumbamwe, zvakatsetseka; iye akati, paakagamuchira Mweya Mutsvene, akaedza mipfumbamwe yese, uye pakanga pasina mashoko ayo aakakwanisa kuwana, hapana chaakakwanisa kutaura, uye saka Makamupa mutauro mutsva wekuti ataure pamwe nekuKutendai nawo. Uye tinonzwa saizvozvowo, zvekare, Ishe; kuti, kana hupenyu huchinge hwapera, kuti zvichida tichataura pamwe chete nemumwe mutauro wakasiyana, kuti tizokwanisa kutaura zvatinfofunga pamusoro peNyu.

¹⁹ Zvino tinokumbira, Ishe, kuti Muropafadze tabhenakeri ino, mufudzi wayo, matirastii ayo, madhikoni ayo, vabatsiri vayo vese, vanhu vanoshanya pano, vanopinda nekubuda pamikova. Dai ikawanikwa nguva dzose seyakakumikidzwa, nzvimbo yezororo, umo vakaneta vanokwanisa kuuya vachipinda mukati memikova yayo uye vowana zororo nerugare kumweya yavo. Uye kuti vanorwara vakwanise kupinda pamukova, uye vobuda vapura, nekuda kweHupo hunorarama nekusingaperi hwa Mwari Samasimba Avo vanogara pasi pedenga rayo.

²⁰ Tinokumbira, Ishe, kuti muhurongwa huri kuuya hwe... uhwo huri kuumbwa zvino, kuti iMi maizosangana nebhodhi uye mosangana nevole. Uye kana zvichiKufadzai zvekuti pazove nekuenderera mberi kwekurangarirwa kwemunamato uyo wakanamatwa muchidziva chino chekare, uye yaiva nzvimbo yemasora, rimwe zuva; kuti zvino yave imba yechiedza, nzvimbo yezororo kune vakaneta, nekuda kwepupindurwa kwemunamato iwoyo.

²¹ Zvino tiregerereiwo kune chinhu chipi zvacho icho chatakaita, kana kutaura, kana kufunga, chaipesana nekuda kweNyu kukuru; uye rangarirai, Ishe, hazvina kubva mumwoyo yedu. Tinokwanisa bedzi kunge takazviratidza mukuita kwedu kana mumiro mo yedu. Asi, nekukurumidza, Imi makatinzwa. Patakaona kuti taive takanganisa, tainge takagadzirira kuzvireurura. Uye hatidi kuchengeta mumwoyo medu, kusarurama, ipapo tinoziva kuti Mwari havapindure minamato yedu; asi nguva dzose tichireurura kukanganisa kwedu.

²² Uye tinokumbira, Ishe, kuti Muropafadze, mangwanani ano, vose nemunyika yose, sezvo iri kupemberera zuva iri rekurangarirwa kweZuva raAmai. Asi dai iri rarega kungova rimwe—rimwe zuva raamai; dai mazuva ese ava saizvozvo.

²³ Mwari, itai mangwanani ano, kuti vanaamai, madzimai, avo vakarasika kubva kuna Mwari, kuti ivo vadzoke kupfungwa dzavo, mangwanani ano, uye kuti vachacherechedza kuti izwi rekuti *amai* rinoreva, “uyo akabereka.” Dai ivo vakacherechedza kuti vana vavakabereka, vakabva mukubatana kwavo nemurume wavo, vakava matombo anokosha madiki anoyera ayo akaiswa naMwari pasi pechengetedzo yavo. Zvadaro, Mwari vachavaita kuti vapindurire kurerwa kwevana ivavo. Uye sekutaura kunoita Gwaro, kuti, “Mudzimai akanaka, uye amai, izvo zvaari, kuti vana vake vachamudana kuti akaropafadzwa.”

²⁴ O Ishe, apo patinoona zuva ranhasi, apo pavanoenda kure kwazvo neMagwaro, vozvibata potse zvingangoda kuita semhuka! Tinonamata, Mwari, kuti Muchatipa rumutsiriro rwechinyakare urwo rwuchavadana kuti vadzoke panzvimbo apo pavanofanira kunge vari.

²⁵ Ishe, hataizofanira, nenzira ipi zvayo, kukanganwa kukutendai iMi nekuda kwevana amai chaivo, nekuti tinoziva kuti tine vakadaro vari kurarama nhasi; vanaamai chaivo, vechokwadi. Mwari, vavaropafadze. Ivo ipfuma huru kwatiri, uye tinonamata kuti iMi muchaenderera mberi muchiva navo, Ishe, uye dai vakararama vachifara uye voona muchero wechibereko chavo uchishumira Mwari.

²⁶ Uye tinonamata, Mwari, kuti avo vakapfeka ruva jena rerozi mangwanani ano, kana kuti ruva jena, kutaura kuti vanaamai vavo vakapfuura kuenda seri kwenzvimbo ino yechiitiko nhasi; dai, Ishe Mwari, vazorora murugare uye mabasa avo avatevere. Zviitei, Ishe.

²⁷ Zvino torai Shoko reNyu, Ishe, uye mutaure kuvanhu, uye muvape kunyaradzwa, nekuti ndicho chikonzero takaungana pano; kuti tinzwe Hupo hweNyu, tonzwa Shoko reNyu, uye toropafadzwa; uye tobva pano kuti tive varume nemadzimai vari nani, vakomana nevasikana, kudarika zvatanga tiri patapinda. Tinokumbira izvi nemuZita raJesu, Mwanakomana waMwari. Amen.

²⁸ Ndinofarira kuverengwa kweShoko raKe rakaropafadzwa. Saka zvino tichazarura, mangwanani ano, muBhuku raVaKorinde Vekutanga, uye toverenga chikamu chechitsauko 15, tichitanga nendima 1.

Uyezve, *hama*, *ndinokuzivisai evhangeri* iyo *yandakakuparidzirai*, *iyoyamakagamuchirawo*, *neyamunomira mairi*;

Iyo yamunoponeswawo nayo, kana muchichengeta mundangariro izvo zvandakaparidza *kwamuri*, kunze kwekunge imi makatenda *pasina*.

Nokuti pakutanga ndakakupai izvo zvose zvandakagamuchirawo, kuti Kristu akafira sei zvivi zvedu sezvanyorwa pamagwaro;

Uye kuti akavigwa, uye kuti akamuka zvekare nezwa retatu sezvanyorwa pamagwaro;

²⁹ Munokwanisa kutaura kuti, “Hama Branham, ichocho chinorwa chisina kujairika pamharidzo yeZuva raAmai.” Zvakanaka, ichokwadi. Asi, munoziva, Mwari havana kujairika, uye Vanoita zvinhu nenzira isina kujairika.

³⁰ Uye ndinofunga, pfungwa, dzaamai. Uye ndinavo vamwe mangwanani ano, nenyasha dzaMwari, vachiri pano panyika nesu. Uye ndinotenda nekuda kwaamai. Asi zvichiitika kuti tinofanira kuvawo, zvekare, neshumiro yekupodzwa, uye ndisingazive kuti ndaizodzoka zvekare manheru ano, asi ndafunga kuti zvichida kuti tinogona kupenda imwe mhando yakasiyana yemufananidzo.

³¹ Amai vakuru kwazvo. Munoziva, munhu wekutanga anokugamuchira, muhupenyu huno, ndiamai vako. Hapana anokwanisa kukubata, nekuti iwe wakatakurwa mumimba, uye vanokutakura pasi pemwoyo wavo. Uye ndivo wekutanga kukuziva, uye wekutanga kudaro, muhupenyu huno, ku—kukubata. Zvadaro, kana uchinge wazvarwa, ivo ndivo mumwe wemaoko anotanga kukubata uye nokupukuta misodzi kubva mumeso ako. Ivo ndivo wekutanga kukubhabhadzira nekukuda, pamwe nekukusvuszvuzira, muhupenyu huno, ndiamai vako. Zvino, ndinofunga kuti hakuna rukudzo rwakakwana rwatingakwanise kupa kuna amai.

³² Amai ndivo wekutanga nemwana, uye vane basa rakakura reizvo zvichazove mwana iyeye, zvichizoenderana nenzira iyo amai ivavo yavachatangira kuisa mwana iyeye pagwara raanofanira kufamba. Amai vane basa, kubva kuna Mwari, rekuisa mwana iyeye munzira chaiyo. Uye ndinofunga kuti ndosaka vanamai vaine kakubata kadiki kakatsaurwa.

³³ Ndinoziva zvemumwe mukomana muguta rino. Ndinofunga mai vake vari pano zvino. Iye angangova wezera rangu. Asi handitaure izvi kuti ndirwadzise amai vacho; nekuti ivo vane zvakakwana zvinorwadza, sevanaamai vose. Asi mukomana uyu anonwa, uye iye anonwa zvakanyanya. Uye kana anyatsodhakwa, iye anouya kumba ovetikira mumubhedha muna naamai vake uye ovambundira. Uye iye ane vazukuru. Asi pane chimwe chinhu pamusoro pekungobhabhadzira kwaamai, kunoita sekunotoro imwe—imwe nzvimbo yakasiyana kupfuura chero chinhu chipi zvacho chinokwanisa kubata; munova, muhupenyu huno, kutaura panyama.

³⁴ Munoziva, murume akafanana naMosesi, iye... Dai ndaikwanisa kutaura chero chinhu chipi zvacho chakanaka kune hunhu hwake, zvaiva nekuda kwekuti aiva naamai vakatumwa naMwari. Munoziva vaive ivo vakange vanamata, Jokebhedhi, uye akanga ashuwira mwana uyu. Zvino paakaberekwa, vaiva vari ivo vaimusvuszvuzira, uye ndokumuputira vakamuvakira

areka ndokumuisa mutsanga, apo mwoyo wavo unonzwisa urombo pawainge woputsika. Mucheche wavo mudiki ega, uye aiva mu—mucheche mudiki akagwinya zvaionekera kwazvo akanga ari munyika yose. Uye saamai vanoda sei chero mwana! Asi kuona kamuchinda kadiki aka kakasananguka.

³⁵ Uye ipapo, mumoyo mavo, vaiziva kuti akanga aberekerwa chinangwa, uye zvararo kwave kumutora ndokumuisa munzvimbo chaiyo yemakarwe, kunze uko murwizi. Nekutenda vakazviita izvozvo, vachiziva kuti Mwari vaigona kumuchengeta; uye kuita pfupiso yerudo rwaamai, uye nechiiito chehunhu hwekutenda kwavo. Nekuti kutenda hakuzviisi iko pachako pajecha rinonyudza rezvakunoono; kutenda kunonyatsozorora bedzi padombo risingazungunuke reShoko raMwari remuna Ziyendanakuenda. “Nekuti nekutenda,” ndizvo zvinotaura Rugwaro, “ivo vakazviita izvi.”

³⁶ Uye kutenda kunokwanisa kutora kumira kwako padombo, iro mafungu anenge ari kurova nheyo dzaro, uye kwotarisa kwakananga muchiso cherufu chaimo uye kwoziva kuti rwunenge rwasvika munguva shomanani, asi kutenda kunogona kutarisa mhiri kwegungwa kune Uyo akati, “Ndini rumuko neHupenyu,” uye kwotadza kunyangwe kutonzwa mafungu anenge achirovera.

³⁷ Ndiyo mhando yekutenda iyo mai vaMosesi vaiva nayo. Ivo vakamudzidzisa uye vakamura mumuzinda waFarao, vachimudzidzisa kuti aiva akaberekerwa chinangwa, kuti Jehovha vakanga vapindura munamato wavo. Uye, ivo... iye haaikwanisa kunge akawana mudzidzisi ari nani. Ndizvo zvakabatsira kuumba hunhu uhwo hwaive huri zviriri Mosesi.

³⁸ Ndinotenda kuti aiva Abraham Lincoln uyo pane imwe nguva akambotaura chirevo chakaita seichi . . .

³⁹ Zvino, ini handisi muDemocrat kana Republican, ndinongori . . . ndiri Mukristu. Nekuti, ndinofunga kuti rimwe divi harikwanise kutaura chinhu chipi zvacho richipesana nerimwe divi; hwese huori. Asi, Abraham Lincoln, mukufunga kwangu, aive mumwe we . . . uye aive mumwe weVatungamiriri venyika avo United States ino yakambova navo; kusanganisira Washington, nevamwewo.

⁴⁰ Nekuti, Abraham Lincoln aiva nemavambo a—akaipa. Iye aive murombo. Akange asina nhorondo, tichitaura panyaya yedzidzo, kana—kana chimwe chinhu chakakura, kana mari, kana chimwe chinhu chaikwanisa kumubatsira, sezvakaitwa naWashington. Washington aiva akapedza kudzidza kukoreji, uye iye—iye aiziva; aive murume akangwara, munhu mukuru, kutanga kwacho. Asi Lincoln akarerwa mukamba kadiki kematanda, zasi kunzvimbo huru dzeKentucky, uye musina kuvakirirwa pasi mukamba kadiki kematanda kakare, ako kagagara serangaridzo muno muLouisville zvino. Asi, iye ari

munhu mukuru waaive, uye akatodzidzira kunyora, pavhu raairima, kuti adyare chibage.

⁴¹ Asi ndinokwanisa kupfuudza izvi kune vanhu vechidiki. Munoziva here kuti Abraham Lincoln haana kumbobvira ave nebhuku muhupenyu hwake, kusvikira adarika makore makumi maviri nerimwe ekuberekwa, kunze kweBhaiibheri nebhuku raFuxe revakafira chitendero? Munoono, zvaunoverenga ndizvo zvinoumba hunhu hwezvauri. Ndokusaka tine boka remipengo nhasi; mamagazini madiki ekare ane ngano dzenhema, uye nezvinonyadzisa uye nezvisina maturo, zvakaishwa panotengeserwa mapepanhau edu. Iye aive neBhaiibheri nebhuku raFuxe revatendi vakafira chitendero. Tarisai zvazvakamuita!

⁴² Asi pane zvose hazvo izvozvo, rimwe zuva akataura chirevo chakaita seichi. Iye akati, “Kana paikwanisa kuva nechinhu chipi zvacho chakanaka chaiwanikwa mandiri, imhaka yaamai vane humwari,” avo vakamurera kuti ashumire Ishe.

⁴³ Munoono, mwana anoteerera amai vake; kumwe kubata kudiki kuri pana amai ivavo, uko mwana anozoteerera kwakuri. Kana akakuvadzwa, achaenda kuna amai kunonyaradzwa asati aenda kuna baba. Nekuti, ndivo vaiva vekutanga kuva naye, munoziva. Uye pane chimwe chipo icho Mwari chavanopa amai, kuti vave saizvozvo; ndinoreva amai chaivo. Zvino, ndinotenda kuti vanaamai vanoremekedzeka uye vane humwari.

⁴⁴ Asi ndinotenda, sezvakaita Mazuva aAmayi, seiri, chikiribidi, chekuita mari yakawanda kubva mumaruva nezvimwe. Asi zuva raamai rinofanira kuva mazuva ose. Kwete kuvatumira chitsama chemaruva paZuva raAmayi, asi kuvada nekuvariritira kwemazuva nehusiku mazana matatu nemakumi matanhatu nemashanu, mugore rose. Asi, zvisinei, nyika yezvekutengeserana ine kubata kukuru muzvinhu zvakaita seizvi, uye zvino—zvino—zvinoderedza kukosha kwaamai.

“Oo, zvakanaka, Zuva raAmayi radarika ndakavatumira chitsama chemaruva.”

⁴⁵ Ivo vaizozvifarira, zvizhinji kwazvo, kungogara pasi uye wotaura navo zvishoma, wovanyorera mutsara, wovabhabhadzira pabendekeke, wovasvepura padama, wovataurira kuti unovada. Zvinozoenda kure zvakananyanya kupfuura maruva ese ayo aunogona kutenga kubva kune anotengesa maruva. Ichochi ichokwadi.

⁴⁶ Ndinotenda kuti maive muTen Commandments, mushakabvu Cecil DeMille, uyo akanyora uye akaisa paskirini rimwe rehunyanzvi munyika yezvemabhaisikopo. Uye risati raiswa pakuonekwa, kana kuti kuburitswa, Cecil DeMille akadana Oral Roberts naDemos Shakarian, neboka revashumiri veFull Gospel, ndokuvatora kuenda navo mumastudio ake pachake uye ndokuratidza maawa mana eTen Commandments,

ndokuvabvunza maonero avo nezvaro. Mwari vazorodze mweya wake wakashinga!

47 Uye pandakariona, ndakange ndakaritarisa, uye chimwe chitaurwa chidiki chakaramba chiri pandiri. Kana vazhinji venyu imi makariona, paive apo mwanasikana waFarao... mushure mekunge Mosesi aona kuti iye aive mu—muHebheru, uye akange asarudza kuenda kunogara nevanhu vake. Uye hapo paiva pagere amai vake vaimbove vaine runako, vachembera, nevhudzi ravo rachena uye chiso chavo chaunyana, vakagara pachigaro chekare chine pekuzorodza maoko; amai chaivo. Zvino mwanasikana waFarao akapinda. Uye iye ndokuti, “Ndinombova mwanakomana waani, zvisinei?”

48 Uye pazvakaburitswa pachena, kuti Jokebhedhi ndiye aive amai vake chaivo. Mwanasikana waFarao, nependi yake nezvimwe zvakadaro, nezvose zvakagadziriswa; iye akati, “Asi, tarirai! Anokwanisa kuve mwanakomana wenyu, asi,” iye akadaro, “Ndinomupa hupfumi nekubwinya. Hamaikwanisa kunge makamupa kana chinhu kunze kwemakomba ematope.”

49 Asi amai vachembera vane musoro wakachena vakati, “Asi ndakamupa hupenyu.” Ndizvo zvinoita mutsauko. “Ndakamupa hupenyu.” Mwari vakamupa Hupenyu Husingaperi. Ichokwadi chakadini, amai!

50 Dzimwe nguva vanhu vanoti kwandiri, kazhinji nguva dzose mumbuserere dzangu, ini “ndinogara ndichiparidza pamusoro perumuko.” Uye ndaverenga gwaro mangwanani ano, chitsauko 15 uye ndima 4 yaVaKorinde Vekutanga, yezverumuko.

51 Asi, munoona, nzira yavanoisa nayo amai panzvimbo nhasi, chipoto chemaruva yakagara pedyo nechembere, uyo achembera uye asingakwanise kusimuka, zvichida, uye asina simba, uye achena musoro, pamwe nekuunyana, uye akagara pachigaro chine pekuzorodza maoko. Ichocho ichokwadi zvakakwana. Asi ndinoda kutora dingindira rangu uye ndokupenderai mumwe mufananidzo wezviri amai.

52 Mumwe munhu akati, “Munoparidza zvakanyanya pamusoro perumuko. Kazhinji Mharidzo yese ine chimwe chinhu chine zverumuko.”

53 Hongu, chokwadi. Ndiyo—ndiyo nzvimbo yekutanga yekuzorora yeVhangeri. Hazvina basa kuti Iye akaitei, dai Asina kumuka zvakare kubva kuvakafa, zvararo zvese izvozvo zvaive pasina. Izvi, kwandiri, zvinoratidza kuti Aive Mwari. Zvinotaridza zvose zvaAkataura; rumuko! Uye irwo zvekare inzvimbo yekuzorora yemweya. Ndiyo nzvimbo yekutangira. Ndiko kupfekedzwa korona kwekunyaradzwa kwedu.

54 Uye patinoona kuti Akamuka kubva kuvakafa, zvinotiisa isu, tiine nhumbi dzekurwa nadzo dzeVhangeri, kumberi muhondo, kuti titore nzvimbo, tigorwa. Nekuti, tinoziva Iye

akati, “Uyo acharasikirwa nehupenyu hwake nekuda kwaNgu achahuwana zvekare.”

⁵⁵ Uye ndinofunga kuti ndiko kupfekedzwa korona kukuru kweEvhangeri Yakazara, ndirwo rumuko, nevimbiso dzarwo dzaMwari, uye nekunyaradza kwarwunopa avo vari kuvimba marwuri. Nekuti, rwunovimbisa kubatana kukuru kwekubatana kwedu pamwe chete zvakare. Rwunovimbisa, uye kunyangadika kwechivi chose. Rwunovimbisa kunyangadika kwekuremara kwose, kutambudzika kwese kwatakaita mune izvi, kwataifanira kupfuura nemakuri, muhupenyu huno. Rwunovimbisa, uye kuparara kwazvo zvose. Rwunovimbisa kuti kunyangwe rufu rwucharasikirwa nekubata kwarwo, uye tichamuka takafanana naJesu. Saka, pamafungiro angu, rumuko ndirwo vimbiso hurusa yevimbiso dzese muzvinhu zveRugwaro. Ipapo ndipo apo parwakazvisimbisa.

⁵⁶ Uye Esta yekupedzisira, apo pandakanga ndichiparidza pamusoro pezvinhu zvishanu zvekuti:

Achirarama, Akandida; achifa, Akandiponesa;
Achivigwa, Akatakura zvivi zvangu kure
kwazvo;
Asi, achimuka, Akaruramisa pachena
nekusingaperi.

⁵⁷ Ndiro Zuva racho kwandiri, irozo Zuva guru remazuva! Uye kuona izvo zvarinozoreva, kwatiri tese, murumuko, apo patinoshanda nekumirira irozo Zuva remazuva rakaropafadzwa!

⁵⁸ Zvinotipa vimbiso yekuti rimwe zuva kuti ava vanaamai vachembera, vari kupera simba, vanoshaiwa simba, vachena musoro, vopera basa vachashandurwa. Kwete kuti amai vega vachagara ipapo, vari vega, asi nemhuri yavo yose pamwe navo.

⁵⁹ Uye richava zuva rakadini! Ichave nguva yakadini, apo patichatarisa pazviso zveavo vatakada kwazvo! Uchava musiyano wakadini pamangwanani iwayo, apo patichaona vadikanwa vedu, uye—uye toona izvo zvavanozongwe vari panguva iyoyo! Matambudziko ose achabviswa. Mavanga ose ekutambudzika achange aenda. Pasisina matama akacheneruka erufu. Hapasisina misodzi kubva mumaziso. Rumuko rwunovimbisa zvose izvi. Panozongwe pasisina mariro. Pasisina kubhabhadzira mwana mucheche padama, uyo afanana nechimedu chedombo; apo uyo anoviga vafi akaisa mushonga wekuchengetedza zvitunha, ndokusairira kunze uye akaisa pendi pamusoro, nezvimwe zvakadaro, kuti zvitardzike sezvazviri pamasikirwo. Hazvizombodiwa zvekare, ikoko.

⁶⁰ Zvadaro ndinofunga nezveapo patinovaona vakamira mhiri uko, vadikanwa vedu, vanaamai vedu, hama dzedu, shamwari dzedu dzese; uye kuvaona vari mumitumbi yavo isingafe, mitumbi yavo yekudenga; takatarisa hunhu hwavo, tichiona kuti

vanozvibata sei pachavo nekutapira ikoko nerunyararo, pasisina kuhutahuta kana kushungurudzika. Kuvaona ipapo vamire vakafanana naIshe Jesu, iroro rinozova zuva rinoshamisa.

⁶¹ Uye mumwe nemumwe wedu, mupfungwa dzedu, tiri kutarisira pamwe nekushuvira nguva iyoyo yekunyaradzwa, patichasangana navo. Mumwe nemumwe ari kufunga nezve vadikanwa vavo, zvichida amai vavo vakafanotungamira. Uye richava zuva rakadini, pamuchavaona zvekare! Uye kuna baba, uye kune hama, uye kune...vadikanwa vese, richava zuva rakadini!

⁶² Ndiri kufungawo, zvekare, iye zvino. Ndiri kufunga nezvemhuri yangu, izvo zvazvichareva kwandiri paZuva iroro.

⁶³ Ndiri kufunga kuti, pamangwanani erumuko iwayo, zhichida wekutanga achauya kuzosangana neni achava Sharon wangu mudiki. Kwete, haazonge achigwinha-gwinha. Dhiyabhore iyeye haakwanise kupinda kunzvimbo iyoyo. Hakuna meninjaitisi ingazombobata Nyika iyoyo. Haazonge achindibhaibhaisa. Maziso madiki, iwayo ebhuruu achange achitamba apo paanenge achikanda maoko ake saizvozvo uye odanidzira, “Baba!” Ndichafara kumuona, kuziva kuti haachazombofa zvekare; kuziva kuti zvose zvapera, ndosaka ndichiparidza rumuko zvakaomarara kwazvo.

⁶⁴ Zvadaro ndichaona amai vake, amai vaBilly, mukomana wangu. Uye ndine vzihinji zvekurangarira ipapo chaipo zvinoramba zviripo. Ndinorangarira pandakanga ndichimutora kuenda kumusoro; kana kuti VaCombs, kumusoro kuno, vakanga vachienda naye parwendo rwake rwekupedzisira, uye ndakanga ndichimutevera, ndiri mumotokari. Patakange tichienda tichidzika naSeventh Street, ipapo chaipo; Billy, aine mwedzi gumi nemisere yekuberekwa.

⁶⁵ Kuti ivo vaizomuunza sei kumugwagwa, uye voita kuti iye amuone. Uye iye airara pasi uye ochema, zvino otarisa kune mwana wake, asi akange asingakwanise kusvika pedyo naye.

⁶⁶ Uye zvdaro pamugwagwa tichidzika, uyo anoviga vafi akauya ndokuenda achidzika na—na—naSeventh Street. Amai pano vakanga vachimuchengeta panguva iyoyo. Uye iye aive akamira panze pachivanze, aine kabhurugwa kadiki, uye nekepisi duku tsvuku yakadhonzwa necheparutivi mumusoro wake. Zvino apo amai ivavo, vakarara panhowo iyoyo, kumashure kweamburenzi iya, vakanditarisa, pavakaona mucheche wavo akamira pachivanze, vachiziva kuti vakange vari kuenda kekupedzisira; vakasimuka kubva panhowo ndokuridza mhare, uye ndokukanda ruoko rwavo kunze urwo rwakange rwava mapfupa, kuti vambundire mucheche wavo aive muchivanze. Asi havaikwanisa kuva naye.

⁶⁷ Oo, uchava mufaro kumuona nezuva iroro. Kwete, haazove nemaoko akaondoroka, kana iwo matama anenge asina kuwira

mukati. Asi iye achamira murunako rwekudenga rwemumwe mambokadzi weDenga, uye nerwaamai. Meso ake matema, akasviba semapapiro emakunguo, achange achitamba nemufaro. Haazove akakombama zvachose; uko, dhiyabhore uya weTB haazombofa akapinda muNyika iyoyo. Asi, asingafi, achamira akafanana naYe.

⁶⁸ Ndinofungidzira, ipapo, anotevera kuuya kuzosangana neni achange ari Edward, uyo wataidana kuti “Humpy,” kuitira zita pfupi. Ndiye aive wekutanga pangetani huru ine zvidimbu zvakakocheherana zvipfumbamwe, ngetani yemhuri yekwaBranham. Ndiye aive chidimbu chengetani chokutanga kukwachuka; uyo anoteverana neni. Ndichaona Edward achiuya achimhanyira kwandiri. Asi, iye akafa achiri mukomana, ane makore gumi nemapfumbamwe ekuberekwa. Uye pandichamutora neruoko rwake, ndine chokwadi chekuti tichava nezvinhu zvakawanda zvekutaura nezvazvo, zvehukomana, nekuti takange tiri shamwari. Takaramba takabatana. Aindirega ndichipfeka sutu yake, uye—uye—uye nezvinhu, sezvaitwa nemukoma nemunin’ina chaivo. Uchange uri mufaro kumuona zvekare.

⁶⁹ Uye ndichamunzwa achitaura chimwe chinhu chakaita sekudai, “Wakawana shoko rangu here, Bill? Wakanga uchishanda kupurazi remombe, panguva yekubva kwangu panyika. Asi ndiri muchipatara, ndakatumira shoko rokuti, ‘Udzai Bill kuti zvinhu zvose zvakaringana.’”

Ndichafara kutaura kuti, “Hongu, ndakawana shoko rako, kunze uko kumakura.”

⁷⁰ Zvadar, ndinofungidzira, anotevera kuchauya baba vangu. Ndivo vaiva chidimbu chengetani chaitevera chakaenda, uye. . . Kwete.

⁷¹ Ndinofunga kuti Charles ndiye aive chidimbu chengetani chaitevera, munin’ina mudiki. Akaita tsaona yemotokari paaingova mukomana mudiki. Aigara achizvua gumbo rake rerudyi, apo paaifamba. Asi, munoziva, pandichamuona, anozonge asiri kuzvua gumbo iroro. Zvose izvozvo zvinenge zvabviswa, achamira mukubwinya kwejaya.

⁷² Zvino iye achazoti kwandiri, chimwe chinhu chakaita seichi, paanenge achinyemwerera. Iye anozoti, “Hongu, Bill, hakuna tsaona kumusoro kuno. Uye ndinorangarira husiku uhwo ndisati ndatorwa mutsaona yemotokari, wakataura neni, takamira mukanzira kadiki kane denderedzwa rakavakirwa pamusoro kemusha wedu wakaninipa,” uye ndakatarisa pamusoro pachu, iye zvino. “Wakataura neni pamusoro paShe, angangoita maawa mashoma ndisati ndaenda. Uye wakanga uri mupurupiti uchiparidza pandakaenda.”

⁷³ Zvadar kuchazouya baba. Oo, ndiri kugona kuvaona. Kunyangwe vakandirova zvakaomarara kakawanda, zvaingova

chaizvo zvakandifanira, asi ndichaona vhudzi dema iroro rakawanda rakamonyoroka, richipenya zvakawedzerwa zvisati zvakamboitika, pazuva iroro. Uye ivo vachanditarisa, voti, “Mwanakomana wangu, unoziva, Baba havachazombosimuka kubva patafura pano, zvekare, vaine nzara, kuti varege vana vavo kuti vadye, nekuti kuno tine zvakawanda. Hakuna zvekushaiwa zvachose kuno.”

⁷⁴ Nokuvaona apo pavaishanda, uye vachishandira masendi makumi mashanu kana makumi manomwe nemashanu pazuva, uye zvadaro vosimuka kubva patafura kuti vana vakwanise kudya, vodzokera kubasa zvekare. Uye vaishanda zvakaomarara kwazvo kusvikira shati yavo yatsva nezuva yonamatira kumusana kwavo, zvino amai vaizoicheka nechigero kuti ibve.

⁷⁵ Ndichavanzwa vachitaura chimwe chinhu chakaita seichi, “Bill, unorangarira here husiku huya iwe neHama George mauya kuzondinamatira pandakanga ndava kuenda? Unoziva, ndakaudza amai kuti paive neNgirozi mbiri chena dzakanga dzakamira pamubhedha, nengirozi tsvuku iri kutsoka. Uye ngirozi tsvuku yanga ichiedza kunditora, asi Ngirozi chena yakamira pakati. Idzo pakupedzisira dzakanditora kuenda neni Kumusha.”

⁷⁶ Zvadaro, zvekare, aitevera aiva chidimbu chengetani chakaenda, kana kuti akaenda, kunouzouya Howard. Ndichaona Howard; sezvo taishamwaridzana pamwe chete kwese nemunyika, kwese kwese; akadanwa kuti ave mushumiri; munhu ane hunhu hukuru, asi shamwari dzake dzakamudzivisa. Hurukuro yekupedzisira iyo yandakaita naye, iye akati, “Pandinoenda, Bill. . .”

⁷⁷ Nda—ndakamuona achienda, nechiratidzo, angangoita makore mana asati aenda. Ndakamuudza kuti ndakaona Baba vatara guva rake uye vachiti ndiro raitevera.

⁷⁸ Zvino iye akati, “Pane chinhu chimwe chete chandinoda kuti undiitire.” Iye akati, “Ini ndakakanganisa hupenyu hwangu. Ndakange ndakaroora nezvimwe zvose. Ini—ini handizive kuti chii chakaitika.”

Ini ndikati, “UnoMutenda here, Howard?”

⁷⁹ Iye akati, “Nezvose zviri mandiri, ndinoMutenda.” Mumazuva maviri kana kuti matatu asati aenda, akagadzirisira rugare rwake naMwari, neHama Neville nevamwe ikoko. Uye iye akati, “Pane chinhu chimwe chete chandiri kuda kuti uite. Pandinoenda, Bill, ita kuti vandiimbire, *Iye Achanzwisisa, Uye Oti, “Waita Zvakanaka.”*”

⁸⁰ Ndinotenda, ndisati ndamhoresa ruoko rwaHoward, ndichamunzwa achimira uye onditarisa, uye oti, “Bill, Akanzwisisa.”

⁸¹ Mushure maizvozvo, kuchauya Hama Seward, Hama Frank Broy, Hama George DeArk. Oo, rumuko rwunoreva zvakawanda kwandiri. Ndiri kutarisira panguva iyoyo huru yekupfekedzwa korona. Uye apo Chiedza chichatanga kupararira, “Tichaziva sekuzivikanwa kwatinoitwa.” Tichanzwisisa, uye—uye ticharangerira vatinozivana navo uye neavo—avo vakange varipo.

⁸² Uye—uye nevazhinji, kuchange kune vazhinji ikoko avo vatakange tisingambofungire kuti vachazonge variko. Nekuti, munoziva, zviru panguva iyoyo, kuti ndinotenda kuti “chingwa chatakakanda pamusoro pemvura dzevanhu, dzakabvongodzwa, chichadzokera kwatiri paZuva iroro.” Patichaona zvirereko zvechapupu chedu, pavanhu vatakange tisinganzwisise maitiro avo kwaRiri, zvichida vachange variko. Richava Zuva rakadini!

⁸³ Uye zvadaro, zvekare, mbeu dzatakadyara, tisingatombofunga kuti ivo vaizoitei, asi hevano vari pano. Vakabereka michero yakakosha, uye tichavaona paZuva iroro, vadikanwa vakange vakatsauka pamwe nehama.

⁸⁴ Uye ndinofunga nezvezviuru zvandakaona zvichitendeuka, hongu, kusvika mumamiriyoni zvino, zvichienda, uye zvaiva shumiro yavo. Oo, zvichatora zvinopfuura rumuko. Zvinozotora Ziendanakuenda, kuti utenderere, uchikwazisa maoko uye nekuwana zvinhu zvandainge ndisingazive zvino.

⁸⁵ Kuchange kuine vanaamai vachembera vane misoro yachena, avo vamakapfekera maruva machena iwayo nhasi, avo vachakuonai, uye vachange vaine runako. Vachisina kumiririrwa nepoto yemaruva, kana mumwe mufananidzo wemunhu achembera ane musoro wakachena; asi mukufanana nemurunako rwerumuko, ivo vachamira vakafanana naKristu, mitumbi yavo yekudenga, vari vadiki uye vakanaka nekusingaperi. Chokwadi, ndiro zororo. Ndiro Zuva ramai iro randakamirira. Ndiko kupfekedzwa korona. Kwete ruva riri pamberi pabhatye, asi kupfekedzwa korona kwemunhu wemukati, nekuti Mwari vakavashandura!

⁸⁶ Ndinofunga nezvaamai vangu pachangu, vachembera uye vasisina simba, uye vachidedera nenhetemwa. Vachange vasiri kuita izvozvo paZuva iroro. Zvichange zvakasiyana ipapo. Uye Chiedza chikuru chiya chinotanga kupararira chichienda, patinotanga kutarisa kwese-kwese, uye denderedzwa guru richange richikura nekukura nekukura. Zvose zviru kungoratidza kuswera kwaJesu. “Zvino mushure mechinguva,” sekutaura kwakaita rwiyo, “uye ndichaona Jesu pakupedzisira.”

Achange akandimirira,
Jesu ane mutsa kwazvo uye wechokwadi,

PaChigaro chaKe choushe chakanaka kwazvo,
 Achandigamuchira Kumusha
 Mushure mekunge zuva rino rapfuura.

⁸⁷ Zvadaro apo patinoMuona, uye hatizove seizvo zvatiri zvino. Ticha—tichaziva kuti tingaMude sei zvakawedzerwa. Hatizomira kumashure nekakutya zvisihoma; nekuti, tichange takafanana naYe. Zvakanaka, Iye achange ari hama zvakatowedzerwa kwatiri kupfuura zvaAri zvino. TichaMunzwisisa zviru nani. Nekuti, tiri kure kwazvo, mumitumbi inofa; ipapo tichave nemutumbi wakafanana nemutumbi waKe zvinobwinya. Tichaziva kuti tinoMunamata sei. Uye patinoona zvinenge zvaitwa neHupo hweMunhu waKe kwatiri, hwatishandura; vachembera vadzoka kuva vadiki, vose vakaremara vatwasanudzwa. Oo! Tichanzwisisa ipapo kuti sei simba raKe rakatipodza.

⁸⁸ Mivhunzo yakanga iri mupfungwa dzedu, “Ko Iye anokwanisa sei kuzviita? Ko zvaizodii *izvi*?” Neimwe nzira, zvisinganzwisisike, izvozvo zvose zvichatsakatika. Mapfundo ayo anga akasungwa kumashure kwepfungwa dzedu, “Zvichazova izvi here? Ko zvingaitike sei?” Neimwe nzira, kana imwewo, minwe yamambo ichangozvisunungura, inopfudzunura mapfundo iwayo, uye zvose hazvo zvichabva zvanyangadikira mune korona huru imwe chete yerudo.

⁸⁹ Ipapo tichaMuona. Ipapo tichange takafanana naYe. Zvadaro tichaMunamata. Zvino tichazoono amai seizvo zvinodiwa naMwari kuti vave.

Amai havazove vakakwana Ikoko vasina mhuri yavo.

⁹⁰ Nekuti, nguva hurusa yehupenyu hwavo hwese kuona vana vakakomberedza tafura, uye vese zvavo vaine hutano uye vachifara; uye—uye—uye kuvaona vachidurura kofi, kana chero chimwe chavanoita, uye vogadzira kudya kwemanheru, zvino ivo nababa vogara pasi. Hongu, ndiyo nguva inofadza kwazvo muhupenyu hwaamai, kuona vana vavo vese vari pamba.

⁹¹ Zvino, usapotse, rega kunge uchishaikwa Zuva iroro. Rega ngetani huru yemhuri yako ikochekerane pamwe chete, chidimbu chengetani chiri pane chidimbu. Regai sipokisi rese ringe riri muvhiri. Zvadaro patinogara pasi nemhuri dzedu nemapoka edu, kwese pasi pedenga raZiendanakuenda, richange riri Zuva rakadini! Ipapo tichazonzwisisa.

⁹² Aiva ari Iye uyo akavimbisa izvi, muna Zvakazarurwa 1, umo maRakataura, kuti, “Munondo unocheka nemativi ose wakabuda kubva mumuromo maKe.” “Iye aidanwa kunzi Shoko raMwari.” Uye zvaiva zvichibva pamiromo mimwe cheteyo, iyo yakati, “Ndini Uyo ari mupenyu, uyo akange akafa; uye Ndiri mupenyu nokusingaperi.” Kubva pamiromo mimwe cheteyo, muna Mutsvene Johane 6, makumi matatu-. . . inotaura izvi, ichiti, “Hapana wandicharasikirwa naye, asi Ndichamumutsa

zvekare pamazuva ekupedzisira.” Aiva Iye akaita vimbiso; miromo mimwe chete iyoyo yakakosha. Ndiye Mumwe chete Uyo anotiponesa, Uyo anotipodza, Uyo akatidzikinura, uye Uyo achatimutsa nezuva rekupedzisira.

⁹³ Kana iwe uri chidimbu chengetani chiya chidiki chisina simba chakapatsanura kubatanidzwa kukuru kwemhuri iyi paZuva iroro, dai Mwari veKudenga, mangwanani ano, nemamwe maitiro neimwe nzira isinganzwisike, vasunungura iwo mapfundo madiki akasungwa mupfungwa dzako, uye vozarura kwauri rudo rwaVainarwo kwauri, uye dai wauya nenzira inotapira kuzoVashumira.

Patiri kufunga pamusoro pezvinhu izvi, ngatinamatei.

⁹⁴ Tisati tanamata, uye imi makakotamisa misoro yenyu, ndiri kuzokubvunzai. Mungada here kuti, paZuva rino raAmai, mukumikidze zvekare hupenyu hwenyu patsva kwaVari, muchitarisira rumuko irworwo? Ungasimudza here maoko ako kwaVari? Apo munhu wese. . . Mwari vakuropafadzei.

⁹⁵ Pangave nemutadzi ari pano zvino here, angati, “O Mwari, handisati ndazvikochechera pachangu mune chidimbu chengetani ichocho. Ndini uyo anozoshaikwa anenge asipo apo amai pavanzoenda vachitsvaga kwese-kwese muKubwinya. Handizenge ndiriko, nekuti handisati ndambogadzirisa rugare rwangu naMwari nazvino. Handina tariro yeHupenyu Husingaperi mandiri. Asi nhasi ndi—ndiri kuda kuita izvozvo”? Ungasimudza ruoko rwako here, uchiti, “Ndinamatireiwo, Hama Branham, panguva ino. Ndinoda kurangarirwa mumunamato, nekuti ndine vadikanwa mhiri kwegungwa, gungwa reHupenyu, uye ndinoda kusangana navo”? Simudza maoko ako.

⁹⁶ Kana mumwe munhu akadzokera kumashure, uye achida kudzoka zvekare pazuva rino, uye oti, “Ishe, ndinozvichenesa pachangu zvekare kwaMuri; ndichiuya kuzovandudza sungano yangu neMi,” ungasimudze maoko ako here?

⁹⁷ Baba vedu Vekudenga, sezvo riri kuswadera, zuva rino richava zuva rimwe raswadera pedyo kuchiitiko chikuru ichocho. Uye takangomanikidzwa, gore rimwe nerimwe, kuti tione izvi zvichimirirwa.

⁹⁸ Sezvo vanhu vaiwanzoenda kumusoro kuJerusarema paZuva rePentekosti, uye kuitira kucheneswa kwetabhenakeri nenzvimbo tsvene, uye—uye nekupiriswa kwechipiriso chezvivi; gore rega-rega vaiyeuchidzwa, apo gwayana riya paraifa kunze uko, kuti kwaizouya nguva yekuti Gwayana raMwari raizofa, kuti ribvise chivi. Nguva imwe neimwe gwayana diki iro paraichema, uye ropa richipfachukira pamaoko avo, vaiyeuchidzwa kuti paizove nenguva apo paizove neGwayana raMwari, raizochema, “Mwari wangu, mandi. . . ? Mwari wangu, mandi. . . ?” pamuchinjikwa.

Ndinonamata, Mwari, kuti patinotarisa nhasi uye tichiona kuti . . .

⁹⁹ Mavhiki mashoma apfuura, ndisati ndabuda mushumiro yeNyu, kuenda kuCalifornia, Indiana ino yakanga yakarara isina chinhu uye yakafa, uye pakanga pasina hupenyu, tingati. Maruva akafa matsutso apfuura. Mashizha akange adonha kubva pamiti. Uye muto wemiti wakanga waenda mumidzi, uye zvinhu zvese zvakanga zvafa.

¹⁰⁰ Asi paive nemwaka apo zuva rakatanga kupenya neimwe nzira yakasiyana. Zuva rimwe chetero iro rakanga rambopenya nemuchando, asi zvakasikwa zvakange zvashanduka uye richipenya zvakasiyana. Uye nekupenya kwezuya, nezvakasikwa, hupenyu hwakabukira, kwese-kwese. Mashizha akadzoka pamiti. Shizha . . . Hupenyu hwakange hwabuda mushizha, uye shizha rikadonha, asi hupenyu hwakaenda muvhu; hwakadzoka murunako rutsva, mukubwinya kwehudiki. Ruva rakanga rapa kunhuwirira kwaro—kwaro, rakanga rarasa runako rwaro rwunopenya uye rikawira muvhu; ndokuberekwa, rakabuda zvekare muhudiki hwaro, riine kunhuwirira kutsva.

Chii chatinorangaridzwa nezvacho, Ishe, panguva dzino?

¹⁰¹ Uye nyika yakabuda kubva mukuva gwenga risina chinhu, risina runako, kuva paradhiso rerunako, uye nyuchi neshiri zvichiimba, uye zvinhu zvose zvakasununguka, uye miti ichi—ichitamba-tamba nemufaro mumhepo dzekamhepo kanodziya kepfumvudza. Kudziirwa nemufaro zvaive panyika zvekare, nekuda kwezuya, z-u-v-a.

¹⁰² Asi rimwe zuva M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a ari kuuya nekupodza mumapapiro aKe, uye hupenyu hudiki ihwohwo hwakavanzwa semuto uri mumuti, uri muvhu, sehu—hupenyu uhwo huri mumbeu yeruva, ichahuunza kuhutsva zvekare, husingazoparare. Oo, tinoKutendai sei nekuda kweizvi!

¹⁰³ Uye panga paine maoko mazhinji, akawanda asimudzwa mangwanani ano, nekuti ivo vanoziva kuti seri kwechidzitiro uko, kune chimwe chinhu. Vanoshuva kuona amai. Vanoshuva kuona vadikanwa vavo uye nevavanozivana navo, uye nekuwana zvakavanzika zvese izvi, kuti vakauya sei kuno, uye zasi kuburikidza nemunguva. Izvo zvese zviri seri kwechidzitiro chakavanzika. Uye rimwe zuva Muri kuuya. Uye ivo vasimudza maoko avo; ivo—ivo—ivo—ivo vanoda kuva nechokwadi, Ishe. Vari kuzvivandudza pachavo zvekare, uye saizvozvo neniwo. Zvino tibatsirei, Ishe. Vandudzai kutenda kwedu uye nesimba redu.

¹⁰⁴ Uye sezvo tiri kunzwa kuswadera kwaIshe. Uye makore makumi mana ekupedzisira akapfuura, pakava nepentekosti itsva yakatanga panyika. Mweya ukatanga kuzarura zvinhu. Uye hepano patiri pachiratidzo chekupedzisira, Kuuya kwoda kusvika. Tinoziva kuti kuuya kwaIshe kwave pedyo. Uye

tinoona vanorwara vachipodzwa kubva pahurwere hwavo, izvo zvakave zvisinganzwisisike kune nyika, kwezviuru zviviri zvemakore, kubvira panguva yevaapostora. Asi hezvinoi pano zvave kuonekwa zvekare, vaporofita vachisimuka, Ngirozi dziri kuonekwa, zviratidzo nezvishamiso. Chinombova chii? Rumuko rwava kuswederwa pedyo. M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a ari kuuya.

¹⁰⁵ Regai tive takagadzirira, Ishe. Regai timbundire vimbiso yese yaMwari; torega kufunga nezve mapfundo madiki aya anga achiwanda kuburikidza nesainzi, nezvimwe zvakadaro, kuti hazvikwanise kuitika. Regai atange kupfudzunuka, mangwanani ano, kuburikidza nechisingafe...[Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] ...apo paAnotinhira nemuMashoko eBhaibheri raMwari, sechiridzwa chakachunwa zvakana, kuti chiimbe mumhanzi, “Ndini Uyo akange akafa, uye ndiri mupenyu nekusingaperi.” “Chinguva chidiki, uye nyika haichazoNdioni zvekare; asi imi muchaNdiona.” “Nekuti Ndichange ndinemi, kunyangwe mamuri, kusvika kumagumo enyika.” “Uye zvichaitika mumazuva ekupedzisira, sezvinotaurwa naMwari, kuti Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose; zviratidzo nezvishamiso; vatana vacharota hope, uye majaya achaona zviratidzo,” chiratidzo chemvura yekupedzisira uye nenguva yekupedzisira. Regai zvinzwike pakati pedu, mangwanani ano, Ishe, uye dai kutenda kwedu kwachengetedzwa. Nekuti tinozvikumbara nemuZita raJesu. Amen.



ZUVA RAAMAI SHO59-0510M
(Mother's Day)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu paZuva raAmai, Svondo mangwanani, Chivabvu 10, 1959, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org